

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ak Enpak li sou Asistans Finansye Alavni

Objektif asistans finansye a se pou reponn ak "bezwen finansye" yon fanmi. Apre gouvènman federal la fin detèmine bezwen finansye yon fanmi, kolèj ak inivèsite yo pral eseye reponn ak bezwen sa a nan founi yon konbinezon:

- Sibvansyon (lajan yo fè elèv la kado);
- Prè (lajan yon elèv oswa fanmi prete epi li nòmalman oblije remèt li);
- Travay-etid (yon travay sou kanpis); ak
- Bousdetid (lajan yo fè elèv la kado ki baze sou reyisit li oswa bezwen finansye)

Pandan pitit ou a ap pwoche pou ale nan lekòl segondè, ou dwe ale sou sit entènèt Depatman Edikasyon Ameriken (U.S. Department of Education) an sou www.ed.gov pou jwenn enfòmasyon ajou sou kritè pou asistans finansye yo. Nan moman sa a, ou ta dwe tou ale sou sit entènèt kolèj, inivèsite, lekòl pwofesyonèl ak lekòl komès kote pitit ou enterese ale a.

Kont Bousdetid NYC Ou A

Paske se NYC Kids RISE ki se pwopriyetè e k ap jere Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo, si w genyen yon kont bousdetid sa pa pral afekte asistans finansye a pandan lajan an nan kont la. NYC Kids RISE pral bay plis enfòmasyon nan ane k ap vini yo sou enpak, si genyen, kont bousdetid la ka genyen sou kalifikasyon pou asistans finansye yon fwa lajan an sou kont la depanse. Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk NYC Kids RISE la nan **(833) KID-RISE** oswa ale sou nyckidsrise.org.

Pwòp Kont Depay pou Inivèsite Pa W

Si ou ekonomize lajan nan pwòp kont depay pou inivèsite ou, sa gen dwa gen yon enpak sou ansanm asistans finansye pitit ou a. Sa pral depann de opsyon kont ou te chwazi a, kantite lajan fanmi ou fè, règleman ki anvigè pou asistans finansye nan moman an, ak lòt faktè.

Gen plizyè jan w ka ekonomize pou inivèsite e gen diferan tip kont depay pou inivèsite. Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) la ofri ou yon opòtinite pou louvri youn nan de opsyon kont depay pou inivèsite yo ki ka konekte avèk kont bousdetid pitit ou a.

Dokiman sa a gen enfòmasyon sou kijan lè w louvri ak depoze lajan nan chak opsyon epay pou inivèsite yo atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, sa kapab genyen enpak sou asistans finansye alavni pou pitit ou a.

Pou plis enfòmasyon sou opsyon epay pou inivèsite ki disponib pou ou atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, ale sou nyckidsrise.org/options.

Enfòmasyon nan paj annapre a aplikab pou kalifikasyon pou asistans finansye alavni pou pitit ou a pandan l ap aplike pou inivèsite. Tablo a rezime espesifisite sou kijan asistans finansye pou pitit ou a gen dwa afekte.

Sa baze sou règleman asistans finansye aktyèl eta ak federal yo, ki gen dwa chanje distans pitit ou rive nan inivèsite.

KIYÈS KI SE PWOPRIYETÈ KONT LA	ÈSKE ASISTANS FINANSYE A AP AFEKTE SI OU GEN YON KONT 529, SELON RÈGLEMAN AKTYÈL KI ANVIGÈ YO?	ÈSKE ASISTANS FINANSYE A AP AFEKTE SI OU GEN YON KONT DEPAY LABANK, SELON RÈGLEMAN AKTYÈL KI ANVIGÈ YO?
<p>Paran ki gen gad timoun/responsab legal timoun¹ (Revni fanmi an mwens pase \$50,000 chak ane)</p>	<p>Non - Ale sou http://finaid.org pou plis enfòmasyon sou ki revni ak byen paran ki deklare pou asistans finansye federal.</p>	<p>Non - Ale sou http://finaid.org pou plis enfòmasyon sou ki revni ak byen paran ki deklare pou asistans finansye federal.</p>
<p>Paran ki gen gad timoun/responsab legal timoun (Revni fanmi an plis pase \$50,000 chak ane)</p>	<p>Wi, l ap genyen kèk enpak selon règleman aktyèl ki anvigè yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou asistans finansye Federal, yon ti pati nan epay ak investisman (5.64%) paran/responsab legal yo konte pou kounyeya kòm yon kontribisyon fanmi an nan frè sa koute pou inivèsite yo. • Selon lwa New York, epay nan yon kont New York 529 Plan pa pral konsidere pou detèmine kalifikasyon pou pwogram asistans finansye Eta New York tankou Pwogram Asistans pou Ekolaj (Tuition Assistance Program, TAP) pou rezidan Eta New York ki ale nan lekòl ki nan eta a. • Pou elèv ki nan lekòl ki pa nan eta New York, enpak sou asistans eta a gen dwa varye. • Chak lekòl yo kapab bay plis enfòmasyon detaye sou asistans finansye. • NYC Kids RISE pral bay enfòmasyon ki ajou sou enpak asistans finansye yo pandan pitit ou ap pwoche pou ale nan inivèsite. 	<p>Wi, l ap genyen kèk enpak selon règleman aktyèl ki anvigè yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou asistans finansye Federal, yon ti pati nan epay ak investisman (5.64%) paran yo konte pou kounyeya kòm yon kontribisyon fanmi an nan frè sa koute pou inivèsite yo. • Chak lekòl yo kapab bay plis enfòmasyon detaye sou asistans finansye. • NYC Kids RISE pral bay enfòmasyon ki ajou sou enpak asistans finansye yo pandan pitit ou ap pwoche pou ale nan inivèsite.
<p>Yon moun ki pa paran ki gen gad timoun/responsab legal timoun lan, tankou yon granparan oswa yon paran ki pa gen gad timoun lan</p>	<p>Non - Ekonomi nan kont sa a pa genyen enpak sou asistans finansye pandan li nan kont la. Asistans finansye gen dwa afekte lè ou retire ekonomi ou yo sou kont la pou peye pou depans edikasyon siperyè pou timoun lan.²</p>	<p>Non - Ekonomi nan kont sa a pa genyen enpak sou asistans finansye pandan li nan kont la. Asistans finansye gen dwa afekte lè ou retire ekonomi ou yo sou kont la pou peye pou depans edikasyon siperyè pou timoun lan.³</p>

Pwogram Save for College NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak pwogram epay ki jere pa NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi, nan patenarya avèk Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite investisman ni founi konsèy sou investisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwòl, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

¹ Gade definisyon Aplikasyon Gratis pou Sipò (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA) bay pou paran ki gen gad timoun sou <https://studentaid.ed.gov/sa/resources/afsa-parent-text>.

² Lè yo retire ekonomi ki sou yon kont NY 529 Direct Plan ki se propriyete yon moun ki pa paran ki gen gad timoun lan epi lajan sa a sèvi pou peye pou inivèsite pou benefisyè ki asosye avèk kont la, valè retrè lajan an kapab konte kòm revni ki pa reyalye sou aplikasyon pou asistans finansye yo, dorenavan, sa ki kapab gen yon efè sou asistans finansye pou timoun lan.

³ Lè yo retire ekonomi ki sou yon kont NY 529 Direct Plan ki se propriyete yon moun ki pa paran ki gen gad timoun lan epi lajan sa a sèvi pou peye pou inivèsite pou benefisyè ki asosye avèk kont la, valè retrè lajan an kapab konte kòm revni ki pa reyalye sou aplikasyon pou asistans finansye yo, dorenavan, sa ki kapab gen yon efè sou asistans finansye pou timoun lan.